

Imaj Lektè

Chè fanmi,

Nan kè misyon nou an se konviksyon ke angajman fanmi ak patenarya fanmi se yon echanj de direksyon trè enpòtan ant fanmi ak lekòl. Nou ka asire siksè chak elèv, sèlman si nou travay ansanm. Mwen kontan anpil pou mete nou okouran yon chanjman enpòtan nan apwòch nou pou ansèyman lekti.

Ane sa a nou lance yon plan ki vize wo: asire chak elèv nou yo se yon bonjan lektè. Pou fè sa, nou te lanse NYC Reads, ki itilize 50 ane pratik ki fè prèy yo rele syans lekti pou anseye timoun nou yo li. Poukisa syans lekti? Apwòch sa a ba nou yon imaj klè sou fason timoun yo aprann li mo, bati vokabilè, epi konprann sa k ap pase nan istwa.

Nan kad NYC Reads, nou vle ou konnen lekòl pitit ou a ap itilize yon kourikoulòm lekti ki baze sou syans lekti. Enstriksyon lekti pral konsantre sou bati senk ladrès lekti fondamantal:

- 1 Konsyans fonolojik (pwononse mo)
- 2 Fonetik (konnen son lèt fè)
- 3 Vokabilè (konnen mo)
- 4 Metriz (li kouramman)
- 5 Konpreyansyon lekti (konprann istwa)

NYC Reads pran angajman pou l ba fanmi nou yo ak edikatè nou yo zouti ak resous pou anseye lekti yon fason efikas epi asire chak timoun gen yon bon demaraj pou yon avni fonsè. Jwenn plis enfòmasyon sou NYC Reads lè w ale sou sitwèb nou an, schools.nyc.gov/NYCReads.

Yon pwomès ak yon envitasyon

Pandan nou kontan pou antre nan tranzisyon sa a, mwen vle ou konnen vijilans nou rete fèm: asire chak timoun non sèlman aprann li, men tou devlope yon lanmou pwofon pou lekti. Lè w ap patisipe nan Konferans fanmi yo pandan ane sa a, mwen envite w pou poze pwofesè pitit ou a kesyon tankou:

- Ki ladrès lekti espesifik pitit mwen an ap travay sou li kounye a?
- Èske gen kèk kote espesifik pitit mwen an fò oswa fèb nan sa pou l konnen nan lekti?
- Kòman mwen kapab ede pitit mwen an devlope ladrès li nan lekti lakay mwen?

Mwen envite w pou patisipe avèk nou nan travay sa a. Ann travay ansanm—fanmi, edikatè, ak kominote—pou sipòte timoun nou yo. Ap gen opòtinite pou aprann plis sou Syans lekti, fason ou ka ede lakay ou, ak espas pou dyalòg ak opinyon.

Nan kolaborasyon,

Kenita Lloyd

Chanselye Adjwen

Angajman fanmi ak kominote, ak afè ekstèn

Lekòl Leta NYC



Office of Family and
Community Engagement



Eric Adams
Mayor

David C. Banks
Chancellor

Aktivite sou pale/ tande

SWARE POU RAKONTE ISTWA

Òganize sware pou rakonte istwa kote chak manm fanmi pataje istwa yo pi renmen yonn apre lòt oswa menm kreye pwòp istwa pa yo.

PAWÒL CHANTE

Tande chante ak chita pale sou pawòl chante yo. Ou ka menm enprime pawòl chante epi li yo pandan y ap jwe chante a.

EGZÈSIS SOU ATIKILASYON

Pratike *tongue twisters* (fraz/mo/ekspresyon ki difisil pou pwononse), egzèsis atikilasyon, ak fè repetisyon an fanmi pou amelyore pwononsyasyon lè w ap pale.

SWARE DEBA

Òganize deba amikal sou sijè ki enteresan, sa k ap pèmèt manm fanmi ekspriye pwennvi yo ak tandè aktivman avan yo bay yon agiman kontrè.

TEYAT AK IMPROV

Patisipe nan pèfòmans teyat oswa patisipe nan klas enpwovizasyon pou fanmi-zanmi, ankouraje kreyativite nan ni pale ni tandè.

KONVÈSASYON TED TALK

Gade TED Talks an fanmi epi patisipe nan konvèsasyon apre sa, pataje sa w panse ak fè refleksyon sou lide lòt moun pataje.

JWÈT POU LANGAJ

Jwe jwèt ki gen rapò avèk langaj tankou asosyasyon mo, rakonte istwa avèk *prompt cards*, oswa jwèt pou anrichi vokabilè pou fè aprantisaj langaj amizan (pa egzanp Taboo, Telephone, Heads Up).

PRATIK ENTÈVYOU

Chwazi yon lòt moun epi poze youn lòt kesyon sou sijè espesifik, sa ede manm fanmi fè pratik nan ni poze kesyon ni bay repons ki fè sans.

RESITAL PWEZI

Fè sesyon resital pwezi kote chak manm fanmi chwazi yon powèm pou resite, sa ede amelyore fason w pale ak tandè avèk atansyon.

SÈK DISKISYON

Chwazi yon aktivite aktyèl oswa yon sijè ki fè reflechi epi patisipe nan sèk diskisyon an fanmi, sa ki pèmèt chak manm ekspriye opinyon yo ak tandè lòt moun avèk atansyon.

DEFI POU PALE AN PIBLIK

Kreye defi amizan pou pale an piblik, tankou bay diskou kout sou sijè ou pi renmen oswa pratike prezantasyon, pou ranfòse konfyans nan tèt ou lè w ap pale.



Eric Adams Mayor | David C. Banks Chancellor

schools.nyc.gov | [f](#) [@](#) [x](#) /nycschools